Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 27 (7323)
27 Июнь 2018 сон
Арбаг1
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

26 июналда 22I сон тIубана имам Шамиль гьавуралдаса

## Холареб мисалалъул инсан



ХIурматиял Унсоколо районалъул жамагIат! 2018 соналъул 26 июналда 22I сон тIубана Кавказалъул мугIрул халкъалъул эркенлъиялъе гIоло къеркьохъан имам Шамиль гьавуралдаса. Жакъа политическияб ориентациялда ва гIумру гьабиялъул къагIидабазда бараб жо гьечIого гIемерисел унго-унголъунги гIахьаллъулел нуго Кавказалъул рагъул нухмалъулев кIодо гьавиялъулъ.

Имам Шамиль кկола Дагъистаналъулги Чачаназулги лъабабилев имам, гьавуна Унсоколо районалъул Генуб росулъ. 25 соналъ Имамат пачалихъалъул нухмалъулев хIисабалда вагъана Россиялъул империягун. I859 соналъул 25 августалда жиндирго 400 цадахъ вахъаравгун, 26 августалда (цIияб къагIидаялъ 7 сентябралда), Гъунив кверде ана, гьезул хIурматияв асир хIисабалда. Хвана Мадинаялда (СагIудиязул ГIарабиялда) I87I соналъул I6 февралалда.

Имам Шамилил ВатIан хIисабалда Унсоколо районалъ хасаб бакI ккола гьеб праздникалда. КIудияв имам гьавураб къоялъул хIурматалда районалда гьарулел руго гIемерал хIалтIаби. Школазда, библиотекабазда гьарулел руго Дагъистаналдаса полководец имам Шамиль кIодо гьарурал тадбирал. АхIулгохIда гьабизе буго тарихчагIи, районазул администрациязул вакилзаби, рухIият гIалимзаби, «АхIулгохI» ДРОО ва рачIине гьира бугелги данделъун мажлис.

Нилъеда нилъерго тарих лъазе ккола ва хадубккун гьеб цебетIезабизе ккола. Лъазе ккола нилъер бахIарзал, гьезда релъаралльун рукIине, гьезул мисал босизе ккола. КIочене бегьуларо эркенлъиялъе гIоло къеркьарал, лъикIал гIадатал ва рекъел гIуцIизе цIунизе ккола. Нилъеда лъазе ккола ва гIелазухъе кьезе ккола нилъер хадусеб гIелги лъикIаллъун ва талихIаллъун рукIиналъе Шамилил бах1арчияб мисал.

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ.**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер.**

## Росабазе кумекалъе

2018 соналда Дагъистаналъул росабазул бакIазде битIана 440 млн. гъурущ гIарац, гьел церетIезариялъе. Гьеб ине буго 4 школа базе, газалъул объектал хIалтIизариялъе, фельдшерлъиялъулгун акушерлъиялъул пунктал раялъе, лъим бахъиялъе, спортивиял бакIал раялъе. Гьедин 9 муниципалитеталда базе буго I0 объект.

РФялъул Президентасул Курсалъе квербакъизин

## Халкъалъул мурадал тIураялъе



Гьал къоязда районалъул «Ахихъан» газеталъул гьоболлъухъ вукIана «РФялъул Президентасул курсалъе квербакъиялъул рахъалъ «Дагъистаналъул отделениялъул председатель, Дагъистан Республикаялъул «Гражданская платформа» политическияб партиялъул регионалияб отделениялъул нухмалъулев Асламханов Шамсудин Абакарович.

Гьес бицана отделенияз ахириял санazда Унсоколо районалъе кумек гьабун, гьарурал цо-цо хIалтIабазул. Гьал ккола гьел:

I990-I998 санazда гьабураб лъел резервуар букIана ГIашилтIа росулъ. Заман баялъ ахириял санazда гьелъ лъим кколеб букIинчIо ва лъадал рахъалъ гIемерал захIмалъаби дандчIвалел рукIана гIадамазда. Гьеб суалгун дихъе рачIана ГIашилтIа росдал жамагIаталъул вакилзаби ва бетIер. Ана хал гьабизе ва бугеб ахIвал-хIалалъул рахъалъ суал цебе лъуна РДялъул Правительствалъул председатель А. Здуновасда, гьесда бичIчIизабуна суалалъул бугеб кIвар. Гьесул кумекалдалъун кагътал ритIана РДялъул финансовиябгун бакIал раялъул ва экономикияб цебетIеялъул министерствабазде. Гьенисан нух балагьана лъел суал тIубаялъе. 20I8 соналда гIарац биччана резервуаралъе капиталияб ремонт гьабиялъе. Гьабуна кинабго проекталъулаб документация. Гьеб бицана Унсоколо районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасда. Гьев цIакъ вохана районалъул росдае кумек гьабиялъе нижер хIаракаталдаса ва дун гьавуна районалъул хIурматияв гражданинлъун.

Къоял иналде бетIерасул зам. С. АрулмухIамадовас кумек гьабуна документация ва цогидалги районалда рарал ишал тIураялъе. Лъел резервуар ва цогидалги росдал суалал тIуразариялъе гьабсагIаталда хIалтIаби гьарулел руго.

Районалдасан газалъул министерствалде Майданское росдал гIадамаз гIарза бачIун буго росулъе газил рогIрал рачун рукIинги хIисабалде босун гьеб раг1алде бахьинабиялъе хIалтIаби гьаре,-ян. Гьебги тIубазабизе хIисабалде босун буго.

Гьединго Майданское росулъа кумек гьарун нижехъе бачIана вац захIматго унтун больницаялда вугин, квота щвеялъе кумек гьабеян къварилъиялда ругезул гIарза. Сахлъи цIуниялъул министерствалдеги ун квота балагьана. I0 къойидасан унтарав Москвалде ахIун ана.

Гьединго нижехъе гьаригун рачIаразул ахIвал-хIалалъухъ ниж балагьуна, суал тIубаялъе кумек гьабула.Унсоколо районалъул отделалъул нухмалъулейлъун йиго Керимова Бурлият М.

Кинаб рахъалъ бугониги кумек хIажатал гIадамал нижехъе рачIине бегьула Адрес: **МахIачхъала, Ленинил площадь. Дом Союзов I. Кабинет 209. Тел: 67-83-22, 8 (228) 520-06-34. 05 OD-КРК-RF@ MAIL.RU 05.ppgp@gmail.com**

Россиялъул МЧСалъ лъазабулеб буго:

## Бакъвараб хер бухIи биччазе бегьуларо

Щибаб санайилго ихдал ва риидал арал санazда бакъвараб хер бухIи гIадатлъун лъугьун буго гIадамазул. Гьелъул хIасилалда тIабигIаталъе, магIишаталъе, гIадамазул гIумроялъул сахлъиялъе ккол еб буго бецIун бажаруларебгIан кIудияб зарал. Ахириял санazда тIолабго Россиялда, гьелдаго цадахъ Дагъистаналъул рес-публикаялдаги гьоркь хут1араб бакъвараб хер бухIиялъ гIемерлъулел руго цIаял ккеял. ГIадамазда гьоркьоб буго басрияб хер бухIани, цIияб хехго баккулин абурал гьадингоял харбал. Аслияб къагIидаялда цIаялги кколел руго гIадамазул цIодорлъи гьечIолъиялъ ва тIабигIаталъул гIумро гьезда лъалеб гьечIолъиялъ.

Бакъвараб харил бак1алда цIияб гIеялъе кигIан дагьабниги квекIен букIунаро басриялъул, гьелъул гIаксалда гьоркь рукIарал кьалбал, микроорганизмал щун дагьабги лъикI бижула хер, гьеб къиматаб беэнелъилъун ккола бижулебщиналъе. Бакъвараб херги бухIун гIадамаз хвезабулеб буго тIабигIаталъул кIвар бугеб процесс.

БухIараб харил рахъуялъ мискинлъизабула ракьулъ жо бижи. Хола гIемераб хIутIхъумур, хIинчI-гьедуялъул чIел. Гьединго цIаялъ рухIула ракьулъ рукIунел пайдаял микроорганизмал, гьелда гъорлъе уна хер-кIеч, батIи-батIиял унтабазде данде чIезе кумек гьабулел. КIкIуялъ гьанкъула харилъ ва ракьул тIасияб гъаталъулъ рукIунел хIутI-хъумур. Гьеб гуребги рухIула гIадамазул жанир чIолел бакIал, тIабигIиял ресурсал, материалиял къиматал жал, лъугьуна ракьалда тIад бухIараб гъат.

(Ахир 4 гъумер)

I839 соналъул риидал Кавказалъул халкъазул тIолабго кIвар буссун букIана гIешдерил АхIул гохIтIе. Гьениб 90 къоялъ мисал гьечIел рагъал ккана магIарулаздаги пачаясул регулярнияб армиялъул аскараздаги гьоркьоб.
Гьелдасан байбихьана гIурус пачаясдеги, бегзабаздеги данде магIарулазул 25 соналъ халат бахъараб рагъ. Гьелъ тIолабго Россияго гьаргъазабулеб букIана.

Имам Шамиль гьавуралдаса - 221 сон

# «Я молоца росичIо, я росонир чуричIо ...»

**Къоабилеб гIасруялъул кIудияв инсан, гIакъил ва шагIир ХIамзатил Расулица цо бакIалда абулеб буго: «Шамилил кIодолъи цо дир гьитIинлъи»,-абун. ХIакъикъаталдаги Шамиль имамасул кIодолъиялъул бицунел тарихиял хIужаби гIемерал руго. Жакъа гьаниб цоги нухалда бицине бокьун буго эркенлъи цIунун гьабураб къеркьеялъул бищунго хIалуцараб лъугьа-бахъин – АхIулгохIда ккараб рагъул хIакъалъулъ.**

**ТIокIаб жо кIваричIо, АхIулгохIалда**
**Имам Шамиль щиван, цIехе цо нухалъ.**
*ХIамзатил Расул.*

Исана I79 сон тIубала КIудияв Имам Шамилил бетIерлъиялда нилъер умумаз ВатIанги, исламияб динги цIунун АхIулгохIда рагъ гьабуралдаса. ГIемер бицунин абун тарихалъул кIвар дагьлъиларо. Хасго нилъер замана буго гIодоре риччай дагьаб, умумузул тарих гIун бачIунеб гIелалда лъазе хIажатаб заман. АхIулгохIда I839 соналъул риидал ккараб хIалуцараб рагъул гIемераб хъван буго нилъер гIалимзабазги, хъвадарухъабазги, шагIирзабазги. Амма гьелъул хIакъалъулъ дагь гурони лъаларо жакъасел гIелазда. Дица гьаниб гIалимзабазул хIалтIабазул бицинаро. ТIадчIей гьабила цохIого-цо нилъер машгьурал гIадамаз АхIулгохIда ккараб рагъалъе кьолеб къиматалда.

Шамиль имамасул заманаялъеги, гьесда цере рукIарал имамзабазулги хIакъалъулъ кIудияб тарихияб поэма хъвана Дагъистаналъул литератураялъул классик, исламияв гIалимчи ЦIадаса ХIамзатица. Гьесул «Шамиль» абураб поэмаялда кIудияб бакI кьун буго АхIулгохIда ккараб рагъалъе, бицунеб буго имамасулги, мюридзабазулги бахIарчилъиялъул, халкъалъ хIехьараб къварилъиялъулги. КIудияв шагIирас назмуялда рекъезабун нилъее рагьулеб буго кIудияб заманалъул тарих. Гьал хадур рехсарал мухъал цIалулаго нилъеда бичIчIулеб буго, щай Имам Шамилица тIаса бищараб АхIулгохI тушманасде кIудияб дандечIей гьабизеяли:

**Тушманасда данде ккун,**
**Шавкъат гIураб гьечIелъул,**
**Шамиль жиндир агьлугун**
**АхIулгохIде гочуна.**
**Имамасе мутIигIал**
**БахIарзал нахъ рилълъуна,**
**РухI кьун ВатIан цIунарал**
**АбтIалал данделъула.**

Хадубги ЦIадаса ХIамзатил поэмаялдаса нилъеда лъалел руго АхIулгохIалда шагьидлъарал бахIарзазул цо-цо цIарал. Гьел нилъеца хадур рехсела.

ЦIакъго кIвар цIикIкIарал тарихиял хIужаби АхIулгохIда ккараб рагъалъул хIакъалъулъ нилъее баянлъулел руго Игьалиса кIудияв исламияв гIалимчи Чупаласул «АхIулгохI бахъиялде» абураб поэма цIалараб мехалъ.

**Имамасул гохIалда шаргIалъул байрахъги чIван,**
**Азаралда ункънусго чи жаниве лъугьана.**
**Азаралда ункънусго чи вуссараб гохIалда**
**Цо кIикъого чийила хабаралъе хутIарав.**
**Гьебщинаб рухI бахъараб гIешдерил АхIулгохIда**
**Я молоца росичIо, я росонир чуричIо,**
**РетIухъего чухъбигун, къавухъе чалмабигун,**
**Чваххулаго ругъналгун ккара-ккаралъур лъуна.**

Хадубги Чупалас хъвалеб буго:

**АсхIабзаби гъурараб Бадру, УхIудалдаги**
**АхIулгохIда гIадинаб хIалилаб рагъ ккечIила.**
**ГохIда шугьадаазда бихьараб гуллил кутак**
**Карбилаалъ гурони эб нахъе рехиларо.**

«Дагъистан» абулеб цойги назмуялда Игьалиса Чупалас хъвалеб буго:

**«Гьединин Дагъистан, дур баркат бугеб**
**ШаригIат цIунулев Шамиль вахъиндал.**
**Равзаялде щведал ХIабибас Шамиль**
**Горбода къвалги бан къабул гьавуна.**



**Къоло щуго соналъ хьвагIараб хвалчен**
**Дун рази вугилан рохел бицана.**
**Бадру УхIудалъул рагъда релъараб**
**Дур АхIулгохIалда ниж хIайран руго.**
**Дур гъазизабазе бугеб даража**
**Дир асхIабзабазда бащадаб буго.**
**Дир хупалаазде нужги рахана,**
**ШапагIат гьабизе изнуги буго».**

АхIулгохIда рагъ ккелалда цебе гIезегIан хIалуцарал рагъал рукIана Шамиль имамлъун ккаралдаса нахъе. Гьезул бищун кIудияб букIана I837 соналъул риидал Телекь ккараб рагъ. КIудиял камиял кканиги, ТIелекь ккараб рагъулъ тушманасда тIад заманалъул бергьенлъи босана. Гьелъие нугIлъи гьабула генерал Фези аманаталъе кьурал лъималги рачун гьениса нахъе иналъ. ГIурус пача Николай ТIоцевесев рази вукIинчIо Фезедаса.

АхIулгохIда рагъ ккелалде цебе живго пача вачIана Кавказалде ва гьес тIалаб гьабуна щиб гьабунги Дагъистан мукIур гьабизе ва Шамиль кверде восизе.

Пачаясул аскаразул гьенив I0-I3 аз. чи вукIана байбихьуда, рагъ лъугIизегIан гьенир гIахьаллъарал гIурусазул къадар 30-33 азарго чиясде баханин аби буго.

АхIулгохIда рагъ байбихьана I2 июналда ва халат бахъана августалъул ахиралде щвезегIан. ГIассиял рагъал ккана АхIулгохIда. ЦIикIкIарал камиял кколел рукIана пачаясул аскаразе, амма камиязухъ балагьичIого гьел цере унел рукIана. Биценазда руго цо къоялъ пачаясе щуазарго рагъухъан камуниланги. Камиял кколел рукIана АхIулгохI цIунаразеги, цIакъго захIмалъи букIана кванил, лъадал рахъалъги. Амма АхIулгохI цIунарал къуркьулел рукIинчIо. Гьезие мисаллъун вукIана имам Шамиль. Къарахъа МухIамадтIагьирица хъвалеб буго: «Ахираб заманалда сверун ккуразул хIал захIматаб букIана. ГIурусаз лъабго къоялъ тIатIалаго гIарада бана, сиял риххизарун, рукъзал хIурде руссинарун рукIана. Квен, макьу, лъим, хIухьбахъи гьечIолъиялъ хIалуцараб рагъул гIумруялъул гIазабалда ругезул цIикIкIарисеб бутIаялъ жидерго гIумру цIунулеб букIинчIо. Гьелъул къимат, магIна тIагIунеб букIана, хвалихъ, анищав гьоболасухъ гIадин ралагьун рукIана. Шамиль гьезда гьоркьоб батIияв вукIинчIо. Гьев ургъулев, хIалтIулев, лъугьунеб бугелъул кIудияб асаралда гъоркь вукIана, киназдасаго сваканги вукIана. Жиндиего ва жиндиразего гIоло гурев, гIаммаб ишалъе гIоло»,-ян.

Къоло цоабилеб августалда пачаясул аскаразул микьго батальоналъ цадахъго гохIде гьужум гьабуна. Гьесда данде рагъизе гIурал бихьинал гохIда хутIун рукIинчIо, гьединлъидал цебесеб кьерда гIемерисел руччаби рукIана. Гьужум нахъ чIвазе гIураб къуват гьечIеблъи бихьидал, имамас амру гьабуна киналго НухгьечIеб гохIде рахаян. Гьел къояз лъедерлъарал мугIрул бахIарзаз тушбабазул анкьнусгогIан чи чIвана.

Къоло цоабилеб августалъул къаденахъе гIурусаз АхIулгохIда тIад кверщел гьабуна ва жидерго байрахъ чIвана.

Амма къоло ичIабилеб августалде щвезегIан гьезде данде кьвагьи къотIичIо. ТарихчагIаз хъвалеб буго, ахирисеб къоялъ чIварал солдатазул къадар анлънусго чиясде баханилан.

НухгьечIеб гохIил нохъода данделъарав лъеберго чиясул гIемерисел лъукъарал рукIана. Щибдай гьабун лъикIилан гIакълу дандбайдал, хIукму гьабуна гьениса ГIанди гIурул рагIалде гъоркьеги лъугьун, НахъбакIалъул мугIруздасан Чачаналъе нух бахъизе.

Киналго нахъе хутIараз хIукму гьабуна, тушбаби тIаде рачIунел ругони, асирлъуде инчIого, хвезегIан рагъизе.

Рогьалил канлъи балеб гIужалъ гьел ГIанди гIорги, АваргIорги жубалеб бакIалде щвана. Имам ГIандигIоралда тIасан цояб рахъалде кIанцIана. Гьесул мугъзада вухьун вукIана анлъго сон барав вас. Цинги гIоралда тIасан цояб рахъалде чIалуги базабун, гьелда тIасан рахана имамгун цадахъ рукIарал.



Шамиль нахъе ворчIараблъи лъайдал, гьев валагьизе къватIире рахъана АхIмад-ханилги Хунзахъ ХIажимурадилги милициялъул къокъаби. Аллагьас гьезул бераздаса цIунана Шамилил къокъа. ТIубараб сордоялъги нахъисеб къоялъги чIечIого ана гьел. Лъабабилеб къоялъ рогьалил гIужалъ гьел Алмахъалъул ракьалде щвана. ГIурусаз жал сабаблъул алмахъалъулазе зарал гьабизе гурилан, росдада аскIоб бугеб иццухъ рештIана имамасул гьалмагълъи. Рогьалил как балел рукIаго, имамасухъе Алмахъалъул вакилзаби щвана ва абуна: «ГIурусаз жал чIаго жужахIалъуре реханиги, нижеца гьоболлъи гьабичIого, нуж нахъе риччаларо»,-ян. Алмахъалъулаз кьураб квен-тIехги босун, гьениса арал бахIарзал чачаназул Баян ва Ведено росабалъе щвана. Жеги цебе букIана халатаб къого сонилаб эркенлъиги исламияб динги цIунун гьабулеб рагъ.

**ХIажи ШЕЙХМУХIАМАДОВ.**
**МачIада школалъул учитель.**
**Шамил районалъул «Цолъи» газеталдаса.**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 27 (7323)*
*Арбаг1*
*27 июнь 2018 сон*

3 гьумер

# С а д о в о д

**Страница в номере**




# Реформы Имама Шамиля

## (К 221- летию Имама Шамиля)

...Шамиль закладывал основы своего будущего могущества. Фундаментом его были равенство и свобода — то, чего и без проповедей желало большинство народа и что соответствовало требованиям шариата.

Первым делом Шамиль уничтожил сословные различия и лишил знать всех привилегий, уравняв их в правах с остальным населением. Затем он освободил рабов и зависимых крестьян. Это было важнее мобилизации — освобожденные рабы всегда были первыми борцами за свободу. Даже пленные обрели некоторые права и возможность стать свободными гражданами, а дети их получали это право безусловно.

Знать, лишенная прав и какой-либо власти, стала беспомощным посмешищем. Те, кто не успел спастись бегством, выселялись в особые аулы, где им предоставлялась возможность добывать себе хлеб наравне с бывшими рабами и слугами. Более дальновидные сами переходили к Шамилю со своими подданными.

В горах было немало и таких обществ, которые, по своей природной недоступности, вообще не желали признавать чью-либо власть. Шариат, ограничивавший их необузданные нравы, они считали делом слишком обременительным и мюридов к себе не пускали, хотя в походах, суливших добычу, участвовали весьма охотно. Убедившись, что одними проповедями сладить с ними не удается, Шамиль взял в одну руку Коран, а в другую — саблю и сурово проучил самых закоренелых отступников. Остальных он или расселял в другие общества, разрушая их прежние пристаница, или обкладывал такими штрафами, что более ревностных исполнителей шариата уже трудно было сыскать.

Народ вскоре убедился, что новое управление весьма выгодно отличалось от деспотизма ханов. Теперь все были равны, никто никому не кланялся, а единственным обращением стало «Салам алейкум!» — «Мир вам!». Расовые или национальные различия тоже ушли в прошлое. Аварцы, лакцы, даргинцы и множество других народов горной страны стали единым народом — дагестанцами, а национализм был объявлен тяжким преступлением.



Формирующееся государство оказывало все большее влияние на сопредельные области. Даже «мирные» горцы в ответ на требования начальства отвечали, что сделают что-либо, только если имам разрешит. Когда какому-то обществу требовалось построить мост или исправить дорогу, то, испрашивая деньги у царского начальства, они не забывали спросить разрешения и у Шамиля.

Уже первые реформы привлекли к Шамилю такое количество горцев даже из неподвластных ему областей, что для их поселения, как некогда в древней Палестине, предоставлены были покинутые аулы со всеми их землями, а также государственные льготы и пособия.

Предвидя, что в покое его не оставят, Шамиль принялся возводить новую столицу Имамата — крепость Ахульго. Остатки крепости на огромной скале, окруженной глубокими ущельями, и теперь еще поражают своей грандиозностью. Тогда же твердыня Ахульго (Призывная гора) считалась и вовсе неприступной. Мощные защитные сооружения, обустроенные пещеры и подземные ходы, многоярусные боевые укрепления строились лучшими мастерами под руководством наиба Ахбердилава, Сурхая и искусного военного инженера чеченца Хаджи-Юсуфа, изучавшего премудрости фортификации в Египте и Турции. На самом деле Ахульго состояло из двух скал, разделенных узким ущельем реки Ашильтинки. Столицу возвели на Новом Ахульго. Старое Ахульго, разрушенное генералом Фезе два года назад, тоже было укреплено и защищено глубоким рвом и завалами.

Когда новая столица была более-менее обустроена, Шамиль перевез в Ахульго свою семью. Примеру имама последовали и его сподвижники. Даже большая библиотека Шамиля была привезена в Ахульго и помещена в специальном подземном хранилище.

**(Из книги Шапи Казиева «Имам Шамиль»)**

# Извещение о проведении конкурса

«Центр занятости населения в МО «Унцукульский район» извещает о проведении конкурсного отбора юридических лиц, индивидуальных предпринимателей, независимо от их организационно - правовой формы (за исключением государственных (муниципальных учреждений), обратившихся по месту их регистрации в центр занятости населения в муниципальном образовании «Унцукульский район» или многофункциональный центр предоставления государственных и муниципальных услуг в Республике Дагестан, в целях предоставления им субсидий за счет средств федерального бюджета и средств республиканского бюджета Республики Дагестан на возмещение затрат, связанных с реализацией мероприятия по стимулированию предпринимательской деятельности в целях создания новых рабочих мест. Порядок и условия проведения конкурсного отбора юридических лиц, индивидуальных предпринимателей определены приказом Министерства труда и социального развития Республики Дагестан от 9 июня 2018 г. № 07/1-393 «О мерах по реализации постановления Правительства Республики Дагестан от 11 мая 2018 года № 42 «Об утверждении Порядка реализации дополнительных мероприятий в сфере занятости населения, направленных на снижение напряженности на рынке труда Республики Дагестан, на 2018 год» в части стимулирования предпринимательской деятельности в целях создания новых рабочих мест».

Заявление на участие в конкурсном отборе документы принимаются с 25 июня до 10 июля включительно. Субсидии предоставляются юридическим лицам и индивидуальным предпринимателям, обратившимся в соответствующие центры занятости населения по месту регистрации,в размере их фактических затрат на осуществление предпринимательской деятельности, в том числе закупку оборудования, создание (оснащение) не менее двух дополнительных рабочих мест для трудоустройства граждан, но не более 200,00 тыс. рублей на одно юридическое лицо или на одного индивидуального предпринимателя (размер средств установлен в соответствии с постановлением Правительства РФ от 29 декабря 2017 г. № 1685 «О внесении изменений в государственную программу РФ «Содействие занятости населения»).

Требования к претендентам установлены Порядком реализации дополнительных мероприятий в сфере занятости населения, направленных на снижение напряженности на рынке труда Республики Дагестан, на 2018 год, утвержденным постановлением Правительства Республики Дагестан от 11 мая 2018 года № 42 и приказом Министерства труда и социального развития Республики Дагестан от 9 июня 2018 г. № 07/1-393 «О мерах по реализации постановления Правительства Республики Дагестан от 11 мая 2018 года № 42 «Об утверждении Порядка реализации дополнительных мероприятий в сфере занятости населения, направленных на снижение напряженности на рынке труда РД, на 2018 год» в части стимулирования предпринимательской деятельности в целях создания новых рабочих мест».

**Магомедалиев Р. А.**
**Вед. специалист по трудоустройству ГКУ РД ЦЗН в МО «Унцукульский район»**

# Как провели Всемирный день охраны труда

«Охрана труда: молодые работники особенно уязвимы». К вниманию руководителей организаций, работников в связи с проведением Всемирного дня охраны труда. Во всем мире профессиональные заболевания - главная причина смертности, связанной с производственной деятельностью. По оценке МОТ, ежегодно из 2,34 млн. смертей на рабочем месте лишь 321000 происходит вследствие несчастного случая. Причина оставшихся 2,02 млн. смертельных случаев (или 5500 смертей в день) - различные виды профессиональных заболеваний. Это свидетельство неприемлемого дефицита достойного труда. Несовершенство системы профилактики профессиональных заболеваний оказывает серьезное негативное влияние не только на работников и их семьи, но и на общество в целом. Речь идет о стоимости потерь из-за снижения производительности и нагрузке на систему социального обеспечения. Профилактика гораздо более эффективна и менее затратна, чем лечение или реабилитация.

Основная цель Всемирного дня охраны труда – привлечь внимание работодателей, работников общественности к проблемам производственного травматизма и неблагоприятных условий труда, а также способствовать решению этих проблем.

Считаем важным провести «День охраны труда» в каждой организации. Комплекс мероприятий должен быть направлен на усиление внимания к проблемам безопасности на производстве, улучшение информированности работников о существующих производственных рисках, способах защиты от них, повышению их сознательного отношения к собственной безопасности.

Рекомендуемые мероприятия:

1 Руководителям организаций и предприятий провести совещания, семинары, беседы, круглые столы по проблемам охраны труда с подведением итогов деятельности по охране труда с участием специалистов предприятий, профсоюзной организации, государственных инспекторов по труду;

2 Специалистам по охране труда, уполномоченным (доверенным) лицам по охране труда профсоюзов, членам комитетов (комиссий) по охране труда подготовить анализ причин травматизма и профессиональных заболеваний в организации в целом, а также по цехам, профессиям, видам работ, довести их до сведения работников организации;

3 Провести обследования состояния условий и охраны труда на рабочих местах с подведением итогов и награждением лучших работников;

4 Оформить стенды и уголки по охране труда.

5 Разместить в средствах массовой информации публикации об опыте работы в сфере охраны труда.

**М.Магомедалиев.**
**Вед.инспектор по трудоусройству ГКУ РД ЦЗН в МО «Унцукульский район»**

Россиялъул МЧСалъ лъазабулеб буго:

# Бакъвараб хер бухIи биччазе бегьуларо

Киналгоян абиледухъ тIабигIаталда балагьал ишал ккола руго гIадамазул тIасамасаголъиялъ. Цо-цо мехалъ бакъвараб хер бухIи букIунеб буго ургъунго росдал магIишаталъул ракь чороклъиялдаса бацIцIад гьабиялъе лъолеб. Гьедин бакараб цIаялда гьеб рохьобе яги цогидал бакIазде пархизе биччачIого хадуб хал кквей букIине ккола. ХIакъикъаталдаги хадуб хал ккевечIого рекIине биччараб цIа бигьа гьабун рекIунеб букIуна. Гьеб хъаравуллъиялда гьоркьаса борчIула ва кIудияб территориялда тIибитIун ине рес буго. РукIуна гъалмагъирчагIаз лъурал цIаялги; балагьичIого цIа бакараб бакI теялъ, ургъел гьечIого хъалиянальул бухIи гIодобе рехун, мотоциклалъул яги автомашинаялъул моторалъул цIадул хIенхIал къватIире иналъ. Хехаб гьури бахьани цIаялъ сагIтида жаниб 25-30 метр ккевезе рес буго. Гьединлъидал бищунго бигьаяб къагIида буго цIа ккеялдаса цIуни.

2018 соналда рес буго кколел цIаял цIикIкIиналъе. Гьурал рахъун, гъурун рохьахъ буго гIемераб бакъвараб цIул, гьелда абуни цIа хехго рекIуна.

ХIурматиял гIадамал, рохьазда ва цогидалги бакIазда цIуне цIа ккеялдаса цIуниялда хурхарал киналго къагIидаби, тIабигIаталда бух1уге хергун цIул-гIуч, гIала-гъважа. Хасго цIодорлъи гьабе аскIоб рукъ, рохь яги цогидал къиматал бакIал ругони. ХIалхьи гьабизе рачIун ругони, нужецаго бакараб цIа свинабичIого тоге. Лъимал расандизе тоге цIагун ва спичкагун.

Нагагь цIа ккани, цогидаб бакIалде гьеб унгутIиялъе цIодорлъи гьабе, гьелда цебе тоге бакъвараб хер. Бокьа-бокьаралъубе рехуге хъалиянальул бухIунхутI, хьван спичкаби. Цебе тоге хехго бухIулеб материал. Рохьоб



цIа ккун бихьани гьеб свинабиялъе хехал тадбирал гьаре, гьеб свинабизе кIвеялдаса ун бугони, хIинкъи гьечIеб бакIалде лъуте ва нахъ бахьичIого лъазабе рохьил магIишаталде, цIа ккеялдаса цIуниялъул охранаялде, полициялде.

**М. А. ХIУСЕЙНОВ.**
**№ 13 надзорниябгун цIа ккеялдаса цIуниялъул хIалтIул отделалъул кIудияв инспектор.**

**Спорт**

# Наркоманиялде данде



Халкъазда гьоркьосеб наркологиялде данде чIеялъул

Къоязда хурхун (21-24 июнь) Кабардино-Балкариялъул республикаялда унел рукIана столалда хIалеб теннисалъул ТIолгороссиялъул турнир. Аслияб мурадлъун гьеб тадбиралъул букIана лъималаз ва гIолилаз наркотикал хIалтIизабиялде данде рагъ гьаби ва гьезда гьоркьоб физкультурагун спорт тIибитIизаби, хасго столалда хIалеб теннис цебетIезаби.

Гьел къецазулъ гIахьаллъулел руго Унсоколо районалъул бихьиназул командаги. Къецазулъ гьезие бергьенлъи щвей буго нилъер мурад!

**Сураталда**: Нилъер команда

Нужеда рагIун букIанищ?

# Доб дунялалдаса тIад руссинаризе

Гьеб буго хIинкъараб маргьо, амма ккола хIакъикъатлъун. Москвалда гьоркь буго лъамияб азоталъулъ цIорозарурал хварал гIадамазул ва хIайваназул хранилище – ангар. Гьел руго цогидал пачалихъаздаги. Дунялалдаго гьабсагIаталда цIорозарун руго 370 чи ва 200 ялдаса дагь гьечIел хIайванал. Заманалдасан гьел чIаго гьаризе хIалбихьизе буго.

Крионика ккола цIидасан гIумро тIад буссинабизе гIадамал ва хIайванал цIунулеб гIелму. Подмосковьялъул криохранилищеялда руго 19 ялдаса цIикIкIун хварал гIадамазул ва хIайваназул, цIидасан чIаго гьаризе рокьаразул жаназаби. МоцIида жаниб цо нухалъ рагьула контейнеразул тIалъелал, хисула азот, жаназабаздасайин абуни кIкIуй бахъуна.

Бищунго захIматаб буго жаназа цIорозаби. ХIал бихьизе ккола чи хварабго. ЧIагояв клеткаби тIуранго хвеялде гьорлъе лъугьани лъикIаб буго. Клиент лъола бакъвараб цIоролъ 79 градус С бугеб. Гьездаса къватIибе инабула би ва биччала криопротектор абулеб хасаб вещество. ЦIорозаврав вухьуна хасал тросазда ва виччала бетIерги эхебехун гьабун азоталъулъе. Гьедин фиксировать гьавула. Хваразул гIагаразул ихтияр буго гьеб процедураялда гIахьаллъизе ва бокьараб мехалъ щвезе рачIине. Амма гьезда жаназа бихьуларо, гьеб бигьаго кодобе щоларо.

Криохранение гьабула договоралда рекъон гIарацги кьун. Кида гьел чIаго гьарилелали лъидаго лъаларо, гьеб букIинего букIиницалиги кIудияб суал буго. Гьенир хварал цIунула хранилищеялъул хIалтIухъабазги.



Криохранилищеялде рачIуна гIелмияб складалъул, жидерго хварал ва хIайванал, ай цIакъго рокьулел рукIарал гIадамал.

КигIанха унеб криохранилищеялъухъ?

Хваразул тIубараб жаназаялъухъ 36 азарго доллар, бетIермозг – 12 азарго. ГIемераб жо бараб букIуна «пациентасул» къаркъалаялъул кIодолъиялда. Кету – 10 азарго доллар.

Жаназа цIорозаби цо иш буго. Хварал чIаго кин гьаризе ругел? ЦIорол кристалаз хвезарун рук1ине бегьула бидурихьал. Кин бугониги 30-50 сонида жаниб гьеб гьабизе кIвезе бегьула. Гьаб гIасруялъул ахиралда букIине бегьулин абулеб буго гIалимзабаз.

ГьабсагIаталда байбихьун буго гIадамасул клеткабаздасан тIом, мочевой пузыр гьабизе. Абулеб буго хадубккун органал гIезаризе кIвезе ругин. 3Д принтералъул кумекалдалъун гьел гьаризе кIвезе бугин абулеб пикруги буго.

ЗахIматаб жо буго мозг чIаго гьаби. Гьелъие хьул гьабулеб буго нанотехнологиялде ва нанороботазде.

## Катил мацI

Америкаялъул ветеринар Гарри Вайцманида унго-унголъунги лъалаан кутузул мацI. Гьес абулаан унго-унгояб мацI катил мимиди гурин, гьелъул ругин нус-нус батIи-батIиял гьаркьал ва шура-хъури гIадамалгун гаргадизе хIалтIизарулел,-абун. ГIадамазулгун бухьен гьабиялъе гьез хIалтIизабула 16 къагIида. Масала, эхеде битIун ккураб рачI ккола гIадамасулгун квер бачунин абураб, гIатIидго рагьарал берал – ахIи базе бокьараб хIал, бигьа гьарун берал къинкIулел ругони, мун вокьулеблъи загьир гьаби. Нилъеца катиде бадире ралагьун къинкIани гьелъ данде жаваб гьабун къинкIула, катица гьеб рикIкIуна жинда баилъун. Катил михъал батIи-батIияб рахъалдехун хичун ругони, гьелъул лъикIаб гьира-шавкъ буго.

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940**

Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 26. 6. 18 г. 14. 20 фактически -16. 45 мин.

Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1000 экз.